# INGLIS HÁM QARAQALPAQ TILLERINDE ABBREVIATURALARDÍŃ TIPLERI

**Berdimuratov Baxtiyar Tugelbay uli**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti tayanısh doktorantı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15688904

***Annotaciya***. *Bul maqalada inglis hám qaraqalpaq tillerinde qollanılatuǵın abbreviaturalar, olardıń tipleri hám jazılıw-qollanıw ózgeshelikleri salıstırmalı túrde tallanadı. Har eki til sistemasında abbreviaturalar sóz jasawdıń produktiv usılı bolıp tabıladı, biraq olardıń strukturası, oqılıwı, hám tildegi ornı arasında ayırmashılıqlar bar. Maqalada abbreviaturalardıń klassifikaciyaları, payda bolıw metodları hám tásir etiwshi faktorlar túsindiriledi.*

***Tayanısh sózler:*** *abbreviatura, qısqartılǵan sóz, initsial, buwınlı, aralas túr, grafikalıq birlik, leksikalıq birlik, til sistemasındaǵı abbreviaturalar, Qaraqalpaq tili, klassifikaciya.*

Abbreviaturalar – zamanagóy til ámeliyatı menen tıǵız baylanısta bolǵan, kommunikativ talaplarǵa juwap retinde payda bolǵan lingvistikalıq quramlar bolıp tabıladı. Bul birlikler sózdi qısqartıp, semantikalıq maǵlıwmattı saqlaw menen birge, kommunikaciya processin tez hám mánili etedi. Inglis hám qaraqalpaq tillerinde abbreviaturalar tariyxı, til sistemasına engiziw jolları, qollanıw ornı jaǵınan bir-birinen ayrılıp turadı. Bul maqalada usı eki til sistemasındaǵı abbreviaturalardıń tipologiyalıq ózgeshelikleri hám qollanıw formaları salıstırmalı túrde tallanadı.

Crystal abbreviaturalardı kúndelik sóylesiw tilinen baslap, elektron kommunikaciyaǵa shekem tarqalǵan fenomen dep esaplaydı. Onıń pikirinshe, akronimler (NASA, NATO) hám inicial abbreviaturalar (BBC, FBI) kúndelik tildegi tez baylanısıwǵa múmkinlik beredi [3].

**ASAP** – *as soon as possible* (múmkin bolǵansha tez) – e-mail, xabarlar, xat-jazıslarda jiyi gezlesedi.

**LOL** – *laugh out loud* (qattı kúliw) – informal xabar almasıwda qollanıladı.

Trudgill abbreviaturalardı sóylesiwshi toplamnıń social quramı menen baylanıstırıp qaraw kerek dep sanaydı. Mısalı, rasmiy orınlarda hám kommunikaciyada abbreviaturalar kúndelikli tildiń bir bólegi bolıp, sóylesiwshi statusın bildirip turadı [4].

**CEO** – *Chief Executive Officer* – íri kompaniyalar, biznes salasında statuslı ataw

**UNESCO** – *United Nations Educational, Scientific and Cultural Organization* – rasmiy hám xalıqaralıq qatnaslardı bildirip turadı.

Bauer abbreviaturalardı sóz ózgeriwi hám sóz jasawdıń jańa adaptiv tipleri dep bahalaydı. Ol akronimlerdiń tildegi úziliksiz tarqalıw processine qaratılǵan

izertlewlerdi keltirip, bul tiptegi birlikler tildiń dinamikalıq tabiyatın kórsetedi dep esaplaydı [2].

blog – web log – internetten payda bolǵan jańa sóz.

vlog – video blog – video formatındaǵı maǵlıwmattı saqlaw hám tarqatıw túri.

Inglis tilindegi tilshiler abbreviaturalardı lingvistikalıq, sotsiolingvistikalıq hám kognitiv aspektlerde qarap, onıń kúndelik, rásmiy hám texnikalıq kommunikaciyadaǵı orınınıń joqarı ekenligin kórsetedi. Abbreviaturalar tek qısqartıw emes, sózdi jańadan jasawdıń bir quralı bolıp ǵana qoymay, til menen birge adamniń oy-pikir sistemasındaǵı ózgerislerdi de bayanlap beredi.

Qaraqalpaq tilinde sózlerdi qısqartıp qollanıwdıń tómendegishe tipleri bar:

1. Rus tilindegi formalarında ózgerissiz alınadı: kom- somol, kolxoz, sovxoz, rayispolkom, KPSS, SSSR, isgmag, mestkom, NGU t. b,

2. Qaraqalpaq tiliniń ózine tán sóz dizbekleriniń nızamlılıǵına ılayıq qısqartılǵan sózler: BMSh—Birlesken Milletler Shólkemi, Obkom—oblastlıq komitet, pedinstitut—pedagogikalıq institut t. b.

3. Aralas qısqarǵan sózler: Qaraqalpaqirsovxozstroy, Ózselxoztexnika, ÓzTAG t. b [1].

Bular tómendegi jollar menen qısqaradı. Qısqartatuǵın hár bir sózdiń birinshi háripleri alınadı: SSSR, AQSh. NGU, VXR, GDR, KPSS, VLKSM, TASS, GAI t, b.

Qısqaratuǵın sózdiń birinshisiniń dáslepki bólegi, qalǵanlarınıń birinshi háripleri alınadı: TashMI, KazPI, ÓzSSR, t. b.

3. Qısqaratuǵın hár bir sózdiń dáslepki bólegi alınadı: partkom, kolxoz, sovxoz, mesgkem, profkom, univermag, raykom t. b.

4. Qısqaratuǵın sózlerdiń birinshisiniń dáslepki bólegi alınıp, qalǵanları túbir túrinde aytılıwınan jasaladı: partkonferenciya, pedinstitut, medtexnikúm.

Bulardan basqa qısqarǵan sózler qatarına shártli tańbalardı da kirgiziwge boladı: sm—santimetr, ga—gektar, t— tonna, c—centner, mm—millimetr, kv—kilovatt, k.m—kilometr t. b.

Qaraqalpaq tilindegi abbreviaturalar, bir jaǵınan, rasmiy-basshılıq tilin anıq hám qısqa etip bayanlawǵa xizmet etse, ekinshi jaǵınan, til sistemasındaǵı sóz jasawdıń jańa bir adaptiv túri retinde kórinis beredi. Olardıń kommunikaciyaǵa qosqan úlesi joqarı bolıp, til dinamikasın hám soʻz baylıǵın bayıtadı.

**Juwmaq**. Inglis hám qaraqalpaq tillerindegi abbreviaturalar til sistemasınıń belsendi elementleri bolıp, sóz jasawda, informaciya beriwde, kommunikaciyanı optimallastırıwda áhmiyetli rol oynaydı. Inglis tilinde akronimler hám fonetik oqılıwǵa tayanǵan abbreviaturalar basım bolsa, qaraqalpaq tilinde grafikalıq hám rus

til sisteması arqalı kirgen birlikler kóp tarqalǵan. Salıstırmalı izertlewler abbreviaturalardıń til sistemasına beyimlesiwin, onıń formaları menen birge funksional analizin anıqlap beredi. Abbreviaturalardıń lingvistikalıq tallawı til biliminde sóz jasawdıń jańa perspektivaların ashıp beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. A. Da’wletov, M. Da'wletov, M. Qudaybergenov. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tili. Morfemika. Morfologiya. Nókis, Bilim, 2010, 252 b.
2. Bauer, L. (1993). *English word-formation*. Cambridge University Press.
3. Crystal, D. (2003). *The Cambridge encyclopedia of the English language* (2nd ed.). Cambridge University Press.
4. Trudgill, P. (2000). *Sociolinguistics: An introduction to language and society* (4th ed.). Penguin Books.
5. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык Москва, 1952.
6. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис, 1981
7. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис, 1994.